

Akademi Ayisyen pou Lasyans, yon enstriman tou nèf pou pwomosyon lasyans nan peyi a

Samuel Pierre

Nan mwa jen 2013, pandan yon reyinyon, nan Pòtoprens pou mete sou pye Enstiti syans, teknoloji ak etid avanse Ayiti a (ISTEAH), Gwoup refleksyon ak aksyon pou yon Ayiti tou nèf (GRAHN) te anonse lide pou yo kreye yon Akademi Ayisyen pou lasyans (AHS). Yo te kreye yon paj Web sou sit ISTEAH¹ a pou bay lide a jarèt anvan yo rive reyalize li. Se te yon okazyon pou GRAHN ede nan tabli anndan peyi a yon enstriman pou fè pwomosyon lasyans. Yon zouti peyi a bezwen tout bon pou devlopman li.

Nan yon anviwonman, kote chak desizyon yon moun pran jounen jodi a chita sou yon konsèp kèlkonk ki soti nan lasyans, nou ap viv avèk lasyans san nou pa konnen. Lasyans vin prezan toupatou nan divès branch kilti nou yo. Li vin esansyèl pou piblik la konnen gwo defi syantifik syèk sa a. Sa ap pèmèt tout moun konnen tout sa ki ap tann yo. Se sa tou ki pral montre yo nesite pou yo genyen yon kilti syantifik, ki pral pèmèt yo analize nouvo devlopman syantifik ki pral afekte lavi nou tout pandan lontan. Nan editoryal sa a, nou ap jwenn plan global Akademi Ayisyen pou lasyans lan. Rasanbleman fòmèl pou kreyasyon Akademi sa a pral fèt nan dat 8 janvyè 2016.

DEFINISYON EPI ISTORIK

Genyen plizyè definisyon ak atribisyon pou yon akademi lasyans. Men, yo tout genyen yon seri karakteristik nou kab jwenn nan rezime ki soti nan *Wikipédia*² a: « Yon akademi pou lasyans se yon sosyete moun save. Wòl li se fè pwomosyon rechèch syantifik apati rankont li fasilite ant chèchè ki pi konpetan yo. Pandan rankont sa yo ap genyen seyans pou prezantasyon travay ki fin fèt epi ap genyen piblikasyon rapò seyans sa yo sou fòm yon revi syantifik».

Nou dwe ale jouk nan disetyèm syèk anvan nou resi jwenn an Ewòp, premye akademi pou lasyans ki ratifye elan dekouvèt syantifik yo. Peyi ki te jwe wòl pyonyè nan domèn lan se :

Itali, Prusse, Angletè epi Lafrans. Anfèt, premye Akademi pou lasyans te fèt an Itali nan ane 1603 : l'*Accademia Nazionale dei Lincei*. Lalmay vin suiv li an 1652 avèk l'*Union der deutschen Akademien der Wissenschaften* *Deutsche Akademie der Naturforscher Leopoldina*. Wayòm Ini parèt an twazyèm avèk *Royal Society* yo te fonde nan ane 1660 epi Lafrans vin an katriyèm avèk *Académie des sciences*, li te kreye nan ane 1666. Nou dwe tann jouk nou rive nan ane 1863 pou Etazini kreye *National Academy of Sciences*. Jounen jodi a, genyen plis pase yon santèn akademi pou lasyans nan lemond, pami yo genyen Akademi pou lasyans Repiblik Dominikèn lan ak Akademi pou lasyans reyon Karayib la.

Genyen kèk peyi, kote akademi yo jwe yon wòl nan òganizasyon epi nan finansman aktivite rechèch yo nan jere divès enstiti, anplwaye chèchè, oubyen nan finansman pwogram rechèch. Ekzanp, Akademi syans Lafrans lan, depi li te kreye nan ane 1666 la, mete tout resous li nan devlopman lasyans epi li konseye otorite nan Leta yo sou domèn lan. An Frans, Akademi pou lasyans lan endepandan, epi li la an pèmanans. Li se yonn nan senk akademi anndan *Institiut de France*³ lan, ki anba pwoteksyon prezidan peyi a.

REZO AKADEMI ENTÈNASYONAL YO

Nan tout peyi, akademi syans yo reprezante lekselelans syantifik, konsa, yo genyen misyon pou pwomosyon ak ekspètiz nan domèn lasyans devan dirijan politik peyi yo a. Akademi sa yo fòme yon rezo entèakademik entènasyonal⁴. Kòm ekzanp, nou kab nonmen : IAP (*Inter Academy Partnership*) yo kreye nan ane 1993 nan nivo mondyal; pou Lewòp, EASAC (*European Academies' Science Advisory Council*), yo kreye nan ane 2001; ALLEA (*All European Academies*), yo kreye nan ane 1994.

L'*Inter Academy Partnership* rasanble 107 akademi pou syans nasyonal ak rezo reyonnal – Afrik, Amerik yo, Lazi epi Lewòp

1. <http://www.isteah.edu.ht/index.php/rss/103-academie-des-sciences>.

2. <http://www.techno-science.net/?onglet=glossaire&definition=8414>.

3. <http://www.academie-sciences.fr/fr/>.

4. <http://www.academie-sciences.fr/fr/Reseaux-internationaux/reseaux-internationaux-d-academies.html>.

(EASAC) – akademi pou syans yo. Objektif li se ede manm li yo travay ansanm pou yo pote bon jan enfòmasyon pou tout moun epi konseye tout dirijan yo sou tout aspè syantifik gwo pwoblèm ki genyen sou planèt la. Nan kad sa a, yonn nan misyon li yo se fè pwomosyon kreyasyon akademi pou lasyans nan peyi ki poko genyen yo epi ede jèn akademi yo nan travay yo kòm ekspè pou peyi pa yo.

European Academies Science Advisory Council (EASAC) la genyen ladan 29 akademi syans nasyonal nan divès eta Inyon ewopèyen lan (UE), yo chak genyen yon manm yo ki reprezante yo. Objektif li se bay enstitisyon ewopeyen yo divès konsèy endepandan ansanm ak ekspè sou aspè syantifik nan politik piblik Inyon ewopèyen lan (UE), espesyalman nan preparasyon rapò oubyen deklarasyon sou divès pwèn rezò a jije ki enpòtan.

Rezo *ALL European Academies* (ALLEA) genyen 58 akademi – lasyans, syans moun epi sosyal, imanite – nan 40 peyi ki nan zòn Konsèy Lewòp la. Apati komite pèmanan li yo, travay li chita prensipalman sou tèms *Etik ak lasyans, Ledikasyon pou lasyans epi pwopriyete entèlektiyèl*.

YON MISION KI GENYEN DIVÈS ASPÈ

Nan nimewo *Haïti Perspectives* sa a, ki dewoule sou konesans syantifik ak konesans tradisyonèl, li enpòtan pou nou mete limyè sou wòl Akademi lasyans lan kapab jwe nan patrimwàn kiltirèl ayisyen an, espesyalman kòm limyè pou konpreyansyon ak apwopriasyon tout sa ki antoure nou nan linivè. Enstitisyon sa a pral sèvi nou kòm referans pou nou chanje fason nou wè lemonn epi eksplike divès fenomèn nou rankontre nan lavi chak jou nou. Nan sans sa a, pami misyon fondamantal Akademi Ayisyen pou lasyans lan, nou kab site : ankouraje lavi avek rechèch syantifik nan peyi a, fè pwomosyon ansèyman lasyans nan tout nivo sistèm edikasyon ayisyen an, transmèt konesans syantifik nan tout nivo lavi nasyonal la, etabli lye solid ant konesans syantifik ak konesans tradisyonèl, sèvi kòm ekspè epi konseye pou otorite nasyonal yo epi fasilite kolaborasyon entènasyonal yo.

Pa gen peyi ki kab fè pwogrès sosyal, si li pa mete lasyans, la teknoloji epi inovasyon nan divès etap kote li ap pran desizyon tankou nan devlopman politik piblik li yo. Sa tèlman vre, divès pwoblèm peyi yo ap konfwonte jounen jodi a tèlman konplèks, yo bezwen ekspètiz ki soti nan lasyans. Nan ka Ayiti a, genyen yon kokennchenn twou pou nou konble, epi li lè pou genyen yon travay serye ki fèt pou kreye enstitisyon ki ap fè pwomosyon lasyans epi ki ap valorize li.

An fèt, nou dwe ale jouk nan ane 1808, sou reny *Henri Christophe*, prezidan Leta nan Nò Ayiti a, pou nou jwenn premye tantativ serye yo nan bay peyi a enstitisyon pou fè pwomosyon lasyans. Nan epòk sa a *Christophe* te kreye yon Kolèj Wayal, kote ki te gen inivèsité angle, ki te ap anseye, apa lòt matyè, matematik, syans fizik epi natirèl. Se te premye grenn lapli ki te vin pèmèt peyi a genyen, kèk dizèn ane pita, enstitisyon ki rele Inivèsité Leta Ayiti jounen jodi a. Malerezman, travay konstriksyon ki te kòmanse nan epòk sa a te kanpe nan wout epi nou kab di li enkonplè. Rapò AAAS (*American Association for the Advancement of Science*), ki rele *Science for Haiti* epi ki pibliye nan ane 2011, vin apiye, si nou ta bezwen sa, plas santral lasyans dwe genyen nan devlopman Ayiti⁵. Nou te dwe tann jouk rive ane 2012 – 2014 anvan nou wè yon inisyativ tou nèf, ki genyen kòm objektif pou kreye yon Ajans Nasyonal pou Ansèyman Siperyè ak Rechèch Syantifik (ANESRS) epi kreye nan peyi a yon lwa-kad nan domèn lasyans.

Nou kwè kalite inisyativ sa a, menm lè li echwe, toujou esansyèl pou peyi a. Nou dwe pran san nou pou nou louvri yon deba, ki kab debouche sou yon bon konpwomi nan enterè ansèyman siperyè ak rechèch syantifik nan peyi a. Akademi Ayisyen pou Lasyans lan kapab sèvi kòm espas espesyal sa a, kote ki va genyen divès kalite deba – byen lwen tout gwoupman zanmitay epi nan enterè jeneral – sou wòl lasyans nan devlopman nasyon nou an. ■

5. http://www.aaas.org/sites/default/files/migrate/uploads/haiti_report_2011.pdf.



JobPaw . C O M

Connecter professionnels, entreprises et universités
